



## Avi Ekslyyon Lekòl la: Poutèt Vaksen ki Pa Konplè

Non Timoun nan:

Dat:

Nimewo Idantifikasyon Lekòl la:

Klas:

Lekòl:

Nimewo Telefòn Lekòl la:

Chè Paran/Responsab Legal:

Avi sa a se pou n enfòme w ke vaksinasyon yo egzije pou ptit ou genyen pou lekòl la pa konplè. Selon Lwa Sante Piblik la, Seksyon \$2164, ptit ou a pa p gen otorizasyon pou l retounen lekòl la sof si w bay dokiman ki pwouve ke l déjà pran vaksen sa a (yo):

Vaksen	Kantite Dòz Nesesè a (yo)	Nòt (Al gade nan SH65 pou detay sou laj ak klas yo)
<b>DTaP</b> (Difteri-tetanòs-koklich aselilè) <b>DTP</b> (Difteri-tetanòs-koklich ) <b>Td</b> (Tetanòs-difteri)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup> 5 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Kat dòz pou Klas Pre-K.</li> <li>Senk dòz pou Klas Kindergarten jiska Klas 5<sup>yèm</sup> ane; si yo te administre 4<sup>yèm</sup> dòz DTaP la nan laj 4 an oswa plis, 5<sup>yèm</sup> dòz la pa nesesè, epi si yo kòmanse seri yo nan laj 7 an oswa plis, se sèlman 3 dòz ki nesesè.</li> <li>Twa dòz pou Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska 12<sup>yèm</sup> ane.</li> </ul>
<b>Tdap</b> (Tetanòs-difteri-koklich aselilè)	1 <sup>ye</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pou tout timoun ki gen laj 11 an oswa plis ki nan Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska 12<sup>yèm</sup> ane.</li> </ul>
<b>IPV/OPV</b> (Polyo)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Twa dòz pou Klas Pre-K, Klas 5<sup>yèm</sup> ane, 11<sup>yèm</sup> ane ak 12<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>Kat dòz obligatwa pou Klas Kindergarten jiska Klas 4<sup>yèm</sup> ane ak Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska Klas 10<sup>yèm</sup> ane; si l te resevwa 3<sup>yèm</sup> dòz la, nan laj 4 an oswa plis, se sèlman 3 dòz ki nesesè.</li> <li>Pou tout klas yo, timoun yo dwe resevwa dènye dòz la nan laj 4 an oswa apre laj 4 an epi omwen 6 mwa apre yo te pran dòz anvan an. Pou priz san ki montre prèv pou pwoteksyon, <u>toulètwa sewotip pou polyo yo obligatwa</u>.</li> </ul>
<b>Hib</b> (Haemophilus influenzae tip b)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pou timoun ki nan Gadri ak Pre-K sèlman: yo dwe bay timoun sa yo vaksen ki apwopriye pou laj yo ak orè vaksinasyon woutin pou timoun ak/oswa orè ratrapaj yo.</li> </ul>
<b>MMR</b> (Lawoujòl, malmouton, ribeyòl)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon dòz jou oswa apre 1<sup>ye</sup> anivèsè nesans la pou timoun ki nan Pre-K yo. De dòz pou Klas Kindergarten jiska Klas 12<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>Se pou yo bay dez<sup>yèm</sup> dòz yon vaksen kont lawoujòl (MMR preferab) 28 jou oswa plis apre premye dòz la. Priz san ki demontre prèv pou pwoteksyon, akseptab.</li> </ul>
<b>Hep B</b> (Epatit B)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Twa dòz pou Klas Pre-K jiska Klas 12<sup>yèm</sup> ane. Priz san ki demontre prèv pou pwoteksyon oswa enfeksyon kwonik, akseptab.</li> </ul>
<b>Varisèl</b> (Saranpyon)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon dòz jou oswa apre 1<sup>ye</sup> anivèsè nesans la pou Klas Pre-K, Klas 5<sup>yèm</sup>, 11<sup>yèm</sup> ak 12<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>De dòz pou timoun ki nan Klas Kindergarten jiska Klas 4<sup>yèm</sup> ane ak Klas 6<sup>yèm</sup> ane jiska Klas 10<sup>yèm</sup> ane, ke yo administre sou yon entèval de omwen 28 jou. Priz san ki demontre prèv pou pwoteksyon OSWA dokimantasyon pwofesyonèl swen sante a bay sou maladi a, akseptab.</li> </ul>
<b>PCV</b> (nemokoksik konjige)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup> 4 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Pou timoun ki nan Gadri ak Pre-K sèlman: yo dwe bay timoun sa yo vaksen ki apwopriye pou laj yo ak orè vaksinasyon woutin pou timoun ak/oswa orè ratrapaj yo.</li> </ul>
<b>MenACWY</b> (Konjige kont Menengokòk)	1 <sup>ye</sup> 2 <sup>yèm</sup> 3 <sup>yèm</sup>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Yon dòz pou timoun ki nan Klas 7<sup>yèm</sup>, 8<sup>yèm</sup> ane ak 9<sup>yèm</sup> ane.</li> <li>De dòz pou timoun ki nan Klas 12<sup>yèm</sup> ane, ki te resevwa omwen yon dòz nan laj 16 an oswa plis. Si l te resevwa 1<sup>ye</sup> dòz la, nan laj 16 an oswa plis, se sèlman yon dòz ki obligatwa</li> </ul>

Si ptit ou a gentan pran vaksen sa yo, bay enfimyè lekòl la oswa direktè lekòl ou a dosye ofisyèl la. Tanpri jwenn ansanm ak dokiman sa a kopi orè vaksen lekòl ki obligatwa a pou ane 2018-2019 la. Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan ki kote ptit ou a ka al pran vaksen, rele **311**.

(Principal Name/Signature)